**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ОТДЕЛ ОБРАЗОВАНИЯ КУРЧАЛОЕВСКОГО РАЙОНА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**МБОУ «Ахмат-Юртовская СШ №1 им. А-Х. Кадырова»**

**Выписка из ООП НОО**

# ФОНД

# ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ

**по учебному предмету «Чеченский язык»**

для обучающихся 2 – 4 класса

**с. Ахмат-Юрт**

**«Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**

| Рог1. № | Мах хадоран г1ирсан ц1е | Чийрик | Х1оттийнарг |
|---|---|---|---|
| | | **2 класс** | |
| 1. | Хаарш таллараn болх (талламан т1ера схьайаздар) «Гуьйре». | | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Йуьхьанцарчу классашна диктанташ, 1-4 класс. Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий» |
| | Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх «Школан беш». | I | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Юьхьанцарчу классашна диктанташ, 1-4 класс. Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий» |
| 2. | Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх «Лийча эхар» | II | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Йуьхьанцарчу классашна диктанташ, 1-4 класс. Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий» |
| 3. | Кхоалг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх «Б1аьсте схьакхачар». | III | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Йуьхьанцарчу классашна диктанташ, 1-4 класс. Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий» |
| 4. | Промежуточни талламан диктант «Хьуьнхахь» | IV | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Йуьхьанцарчу классашна диктанташ, 1-4 класс. Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий» |

**«Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн фонд. 2 класс.**

**Хаарш талларан болх (талламан т1ера схьайаздар) «Гуьйре».**

Диттий г1аш мажделла. Денош дацлуш ду.Олхазарш бовхачу махка д1аоьху.Арара йалташ чудерзийна. Дешархой деша буьйлабелла.

1. **Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх**

**«Школан беш».**

Школан йоккха беш ю. Дукха дитташ ду бешахь. Дешархоша белхаш бо бешахь. Цара дика 1алашйо иза. Цундела дитташ т1е стоьмаш а латабо.

2. **Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх**

**«Лийча эхар»**

Аьхка йовхачу хенахь тхо х1ор дийнахь доьлху хи т1е. Лийча дика айма йолуш меттиг хаьа тхуна. Лекха боцчу берда т1ера чукхийсала тхо. Хи т1ехула нека деш ,йуьйсина буьрка санна, лела тхо. Хаза хуьлу аьхка луьйчуш!

3. **Кхоалг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх**

**«Б1аьсте схьакхачар».**

Б1аьстей, 1ай къовсаделла .Шен меттиг д1айоьхура б1аьстено . Дуьхьалделира 1а .Схьахьаьжира бовха малх. Дилхира 1а, охьадуьйладелира ладарш. Д1алецира б1аьстено шен меттиг. Зезагашца аренаш къарзйира хазахеттачу б1аьстено.

**4.Промежуточни талламан болх**

**«Хьуьнхахь»**

Ц1ена ду хьуьнхара х1аваъ. Абу хьуьнха талла воьду. Ж1аьла а дуьгу цо шеца. Хьун тийна хета.Амма хьуьнхахь кхехкаш дахар хуьлу.Цхьанхьа тебна цхьогал доьду ,кхечанхьа хьуьнан к1оргехь генаш кегдеш лела партала ча.

**«Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран**
**г1ирсийн паспорт.**

| № п/п | Предмет | Наименование | Чийриг | Разработчик |
|---|---|---|---|---|
| | | **3 класс** | | |
| **1** | Чеченский язык | Талламан диктант «Г1арг1улеш» «Шалха элпаш» темина | I | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс<br>Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **2** | Чеченский язык | Талламан диктант «Бошмийн доттаг1ий» «Дош. Дешдакъа» темина | I | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс<br>Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **3** | Чеченский язык | Талламан диктант «Сан махкахо» «Дешан х1оттам» темина | I I | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс<br>Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **4** | Чеченский язык | Талламан диктант «Олхазаршна баннаш» «Къамелан дакъош» темина | I I I | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс<br>Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **5** | Чеченский язык | Талламан диктант «Хасбешахь» | IV | Канакина В. П. Щёголева Г. С. Русский язык. Сборник диктантов и<br>самостоятельных работ. 1-4 класс. Просвещение. |

Система проверочных заданий и упражнений для самоконтроля включена в содержание учебников для 1-4 классов.

УМК «Школа России» 3 класс
Чеченский язык
И.Э.Солтаханов.

| № | **Название раздела** | **Формы контроля** | **Источник** | **Терахь** | **Критерии** |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 1-ра чирик. | | | |
| 1 | Къамел. Текст. Предложени. | Талламан диктант. «Г1арг1улеш» | Нохчийн мотт. Талламан белхаш. | 12.09. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| 2 | Дощ. Дешдакъа. Дош | Изложени «Бух1анан к1орни». | Нохчийн мотт. Кхолларалин болх. | 30.09. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| 3 | Мукъаза шалха элпаш. | Талламан диктант. «Бошмийн доттаг1ий» | Нохчийн мотт. Талламан белхаш. | 21.10. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| | | 2-г1а чирик | | | |
| 4 | Подлежащи а, сказуеми а. | Изложени «Ч1ерий лецар». | Нохчийн мотт. Кхолларалин болх. | 18.11. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| 5 | Чеккхе | Талламан диктант. «Сан махкахо» | Нохчийн мотт. Талламан белхаш. | 27.12. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| | | 3-г1а чирик | | | |
| 6 | Дешхьалхе, дешт1аьхье | Изложени «Ши газа». | Нохчийн мотт. Кхолларалин болх. | 16.01. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| 7 | Къамелан дакъош. | Сочинени (аг1о 106, шардар 214) | Нохчийн мотт. Кхолларалин болх. | 24.01. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 8 | Дешхьалхе, дешт1аьхье | Талламан диктант. «Олхазаршна баннаш» | Нохчийн мотт. Талламан белхаш. | 10.03. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| | | 4-г1а чирик | | | |
| 9 | Хандешнашца ЦА, МА нийсаяздар | Т1ера схьайазйар. (аг1о 179) | Нохчийн мотт. Талламан белхаш. | 21.04. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |
| 10 | Хандош | Талламан диктант. «Хасбешахь» | Нохчийн мотт. Талламан белхаш. | 15.05. | «5» - цхьа г1алат дац<br>«4» -1-2 г1алат.<br>«3» - 2-3 г1алат<br>«2» - 4 кхи сов г1алаташ. |

Приложение

**Талламан диктант «Г1арг1улеш»**

**1алашо:** Предложенех, дешнийн цхьанакхетарех болу хаамаш таллр. Нийса дешнаш язъян а, ала харр таллар.

**Г1арг1улеш.**

Хаза хуьлу гурахь г1арг1улеш йоьлхуш. Кхо са бой йоьлху уьш лакха стигалхула. Церан маьхьарий хеза лаьттахь. Дехха лаьтта адамаш царна т1аьхьахьоьжуш. Г1арг1улеш бовхачу махка д1айахар – гуьйре йоларан билгало йу.

**Грамматически т1едиллар:**

1 вариант – хьалхарчу предложенехь х1ума билгалъен дош лаха;

2 вариант – шолг1ачу предложенехь х1ума билгалъен дош лаха.

**Изложени «БухIанан кIорни».**

(Шардар № 58, агIо 28)

**Iалашо**: Дешархой текстаца болх бан Iамор. ХIоттийначу планаца берашна текстан чулацам схьабийца Iамор. Берашна текстан дакъош йукъара уьйр ца талхош, изложени йазйан Iамор. Текстан чулацам хIоттийначу планаца нийса йозанца схьабала Iамор.

**Урок дIайахьар**

## I. Хьехархочо дIайоьшу изложенин текст

### «БухIанан кIорни»

**Аьхка** со **хьуьнхо** волчу вахара**.** Цуьнан цIа хьуьнна генадоцуш дара. Хьуьнхахь суьйранна **бухIанан** шок хезира. Цхьана дийнахь тхуна дитта тIехь бен карийра.

Бена чохь бухIанан **кIорни** йара. Цуьнан тIам бойнера. Оха бухIанан кIорни тхаьш долчу схьайеара. ШолгIачу дийнахь бухIа дитта тIе йеара.

Суьйранна, нах дIатийначу хенахь, бухIано гIовгIа йора. БухIанан кIорнино а йора гIовгIа. Иштта хIора сарахь йора цара **гIовгIа**.

БухIанан кIорни тойелира. Оха иза дIахийцира. КIорни шен ненаца дIайахара.

**II.** Текстаца болх

1. Стенах лаьцна дуьйцу текст тIехь?
2. Маса декъах лаьтта иза?
3. Дакъош вовшех муха къаьста?

**III.** 59-чу шардарера планаца текстан чулацам масех дешархочуьнга схьабийцийтар

**План**

1. Со аьхка хьуьнхо волчохь вара.
2. Тхуна бухIанан кIорни карийра.
3. Сарахь бухIа дитта тIе йогIура.
4. Оха бухIанан кIорни дIахийцира.

Текст тIехь билгалдаьхначу дешнийн нийсайаздарх лаьцна дийцар.

**IV. ХIоттийначу планаца изложени йазйар**

**V. ЦIахь бан болх** Бакъонаш карлайаха **15-гIа урок**

**Талламан диктант «Бошмийн доттаг1ий».**

**1алашо:** Предложенех , дешнийн цхьанакхетарех болу хаамаш таллр. Нийса дешнаш язъян а , ала харр таллар.

**Бошмийн доттаг1ий**

Дитта т1ехь д1атоьхна бен бу. Цу чохь олхазарш дека. Олхазарш бошмийн доттаг1ий дуйла хаьа сунна.

Ас уьш къехка ца до. Цундела тхан дитташ т1е стоьмаш дуккха а латабо.

**Грамматически т1едиллар;**

**1. Шолг1а предложении меженашца талла.**

**2. Схьаязде хьалхарчу предложенера дешнийн цхьанакхетарш.**

**3. Йоьхна предложенинисъе.**

**Хуьлу, ахьхка, мА , хаза.**

**Изложени «БухIанан кIорни».**

**Iалашо**: Дешархой текстаца болх бан Iамор. ХIоттийначу планаца берашна текстан чулацам схьабийца Iамор. Берашна текстан дакъош йукъара уьйр ца талхош, изложени йазйан Iамор. Текстан чулацам хIоттийначу планаца нийса йозанца схьабала Iамор.

**Урок дIайахьар**

**I. Хьехархочо дIайоьшу изложенин текст**

**«БухIанан кIорни»**

**Аьхка** со **хьуьнхо** волчу вахара**.** Цуьнан цIа хьуьнна генадоцуш дара. Хьуьнхахь суьйранна **бухIанан** шок хезира. Цхьана дийнахь тхуна дитта тIехь бен карийра.

Бена чохь бухIанан **кIорни** йара. Цуьнан тIам бойнера. Оха бухIанан кIорни тхаьш долчу схьайеара. ШолгIачу дийнахь бухIа дитта тIе йеара.

Суьйранна, нах дIатийначу хенахь, бухIано гIовгIа йора. БухIанан кIорнино а йора гIовгIа. Иштта хIора сарахь йора цара **гIовгIа**.

БухIанан кIорни тойелира. Оха иза дIахийцира. КIорни шен ненаца дIайахара.

**II.** Текстаца болх

1. Стенах лаьцна дуьйцу текст тIехь?
2. Маса декъах лаьтта иза?
3. Дакъош вовшех муха къаьста?

**III.** 59-чу шардарера планаца текстан чулацам масех дешархочуьнга схьабийцийтар

**План**

1. Со аьхка хьуьнхо волчохь вара.
2. Тхуна бухIанан кIорни карийра.
3. Сарахь бухIа дитта тIе йогIура.
4. Оха бухIанан кIорни дIахийцира.

Текст тIехь билгалдаьхначу дешнийн нийсайаздарх лаьцна дийцар.

**IV. ХIоттийначу планаца изложени йазйар**

**V. ЦIахь бан болх** Бакъонаш карлайаха **15-гIа урок**

**Талламан диктант «Сан махкахо»**

**1алашо:** Предложенех , дешнийн цхьанакхетарех болу хаамаш таллр. Нийса дешнаш язъян а , ала харр таллар.

**Сан махкахо**

Боккха бу сан мохк. Ас дозалла до сайн махках.Исбаьхьа ду кхузара 1алам,лекха лаьмнаш, луьстахьаннаш. Дуьненан массо а маь11ехь хаало сан махкахой. Сан махкахочо дозалла дарца олу шеен мохк Нохчий чоь бу!

**Грамматически т1едилларш.**

1 Шолг1ачу предложенехь подлежащиний, сказуеминий к1ел сиз хьакха.

2 Схьаязде юкъара орам болу дешнаш, билгал баккха церан орам.

**Изложени «Ши газа»**

**Урокан Iалашо:** дешархошна шаьш йешначу текстан чулацамах изложении йазйан Iамор; текстан коьрта маьIна довзийтар; текст дакъошка йекъа, текстан тайпа довзийтар; хьалха-тIаьхьалла ларйеш предложенеш хIитторца текст кхоллар;

Дешархойн дозуш долу къамел кхиор;

**Урок дIайахьар**

Белхан меттигаш кийча хилар. Маршалла хаттар.

Берийн дог-ойла тIейерзор.

**Дешар – хьекъал ирдеш болу ков.**

**Мукъам – халкъан, хелхар шен-шен (кица)**

Кицанийн маьIна дастар

Хьекъал а ирдина, хIораммо а текстах лаьцна шен-шен ойла дIайазйийр йу.

Текст йовзийтар

ДIайоьшу хьехархочо текст (Iамат тIера шардар I90-I9I):

***Ши газа***

***Хьекъал долуш ши газа хилла йехаш Iаш. Ламанан басахь, готтачу гIашлойн новкъахь, дуьхь-дуьхьал кхетта и шиъ. Цу некъана цхьаьна агIор кIорга Iин хилла, вукху агIор ламанан берд. Вовшашца морзахйалалур йоцуш хилла и шиъ. Лаьттина и шиъ, лаьттина, ойла йина, йина. ТIаккха цхьа газа, гора а йижина, бердах дIатаьIна. Важа газа, ларлуш, цунна тIехула дехьайаьлла. Йижина йолу газа, хьала а гIаьттина, дIайахана.***

Дешархошка йоьшуьйту текст. Шина-кхаа дешархочо схьайуьйцу текст шайн дешнашца.

Хаттарш:
Стенах лаьцна йу текст, хIун тайпа йу?
ХIунда лерина ши газа хьекъале?
Текст дакъошка йекъар, план хIоттор.

План
Долор, коьрта дакъа
1.Шина газанан дуьхь-дуьхьал кхетар.
2. Цу шиннан латтар, ойлайар.
3. Цаьршинна кхаьчна хьекъал.

Маса декъе йекъа мегар ду текст?
Маса абзац хила тарло хIокху текстан?
ХIора абзац керлачу могIанца йазйан йезий?

Дешархоша текст дIа а къовле, хIоттийначу планаца дIайазйо изложени.

**Талламан диктант «Олхазаршна баннаш»**

**1алашо:** Предложенех , дешнийн цхьанакхетарех болу хаамаш таллр. Нийса дешнаш язъян а , ала харр таллар.

**«Олхазаршна баннаш»**

Бовхачу махка д1адахана олхазарш б1аьсте яьлча юхадог1у. Аннийн кескех царна баннаш до бераша. Т1аккха дитташ т1ехь уьш д1ач1аг1до.
Олхазарш бошмийн доттаг1ий ду. Дитташ талхош йолу СА долу х1уманаш юу цара. Олхазарш бошмашкара лелхо мегар дац. Уьш, мелхо а, т1ек1адо х1ума

**Грамматически т1едилларш.**
1 Хьалхарчу предложенехь билгалъяха коьрта меженаш.
2 Дешнийн х1оттам къастабе
1-ра вариант: таллархо, д1адеша, урамаш
2-г1а вариант: яздархо, схьакхечи, къоламца.

**Т1ерасхьаяздар «Ши пхьид.»»**

**1алашо:** Т1ерасхьаяздаран хаар таллар;

**Предметни:** дешархошна хуур ду 1амийначу орфограммашна дог1у дешнаш каро, 1амийначу бакъонех пайда а оьцуш уьш д1аяздан; хуур ду дешнаш цхьана мог1анера кхечу мог1ане сехьадаха.
**Метапредметни**
- **Регулятивни:** хуур ду шайн белхан шаьш мах хадо, кхачамбацарш каро, уьш д1ататта.
- **Коммуникативни:** 1емар ду шайга дуьйцучунга ладог1а, пайдаэца.
- **Х1ума довзаран:** 1емар ду текстаца болх бан; алсамдер ду ойлаяр, тидамбар.

**Личностни:** дика деша лаам кхоллар.

**Ши пхьид.**

Ехаш-1аш хилла ш пхьид.Ши доттаг1 а,цхьана хорша чохь 1аш а хилла и шиъ.Бакъду,царах цхьаъ_майра ,онда ,самукъане,ткъа важа кхоьруш ,малонча,набарча яра.

Цкъа цхьана буса лела араевлла уьш. Хьуьнан некъаца схьайог1уш ,ц1а гина цушинна.Ткъа ц1ийна юххехь ларма яра.Цу лarми чуьра схьаетталуш хаза хьожа хилла. Ларми чу а яьлла ,цу чохь ловзаяьлла,кхийсаяла йоьлла пхьидарчий.Кхийсаелла ,кхийсаелла,ц1аьххьана т1айх юьзначу кхаби чу йоьжна.

Кхаби буха яха йоьлла. Амма бухаяха ца лаьара.

**Грамматически т1едиллар**:

***1.Кхоалг1а предложении меженащца талла. Дешнийн цхьанакхетарш схьаязде.***
***2.Шолг1ачу предложенехь къамелан дакъош билгалдаха.***
**Физминот**

**Талламан диктант «Хасбешахь»**

**1алашо:** Предложенех , дешнийн цхьанакхетарех болу хаамаш таллр. Нийса дешнаш язъян а , ала харр таллар.

**Хасбешахь**

Хасбеша дахара бераш. Цигахьбелхаш бира цара.Цхьаболчара хасстоьмашна асар дира,вукхара хи диллира.Дукха хасстоьмаш гулбийрбу хасбешара. Цигахь йийна дика кхуьуш ю копастанаш а, ж1онкаш а,наьрсаш а.

Муьлхачу хасстоьмана хи маца дилла деза а,молханаш муьлханаш тоха деза а хьоьху агрономо берашна.

**Грамматически т1едилларш**.

1 Хьалхарчу предложенехь билгалъяха коьрта меженаш, дешнашна т1ехула къамелан дакъош билгалдаха

2 Текста юкъара схьаязде цхьаллин а, дуккхаллин а терахьера кхоккха

**«Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**

| № п/п | Наименование оценочного средства | Четверть | Контролируемые разделы (темы) предмета |
|---|---|---|---|
| **4 класс** | | | |
| 1 | Талламан болх «Хьуьнан дахар» | I | 1аминарг карладакхар.Предложени. |
| 2 | Талламан болх «1аьнан оьг1азло» | I | 1аминарг карладакхар.Предложени. |
| 3 | Изложени «Шеран заманаш» | II | Ц1ердош. |
| 4 | Талламан болх «Ши борз» | III | Билгалдош. |
| 5 | Сочинени «1а»аг1о 73 | III | Билгалдош. |
| 6 | Изложени «Ши накъост» | III | Хандош |
| 7 | Талламан болх «Лар толу ж1аьла». | IV | Т1едерзар |
| 8 | Талламан болх «Доттаг1алла» | IV | Т1едерзар |

1. **Талламан болх «Хьуьнах дахар»**

Сарахьохатхешан т1оьрмигаш кечдира. 1уьйранна тхоновкъадевлира.Тхоьцатханхьехархо а вара. Сада1а билгалъяьккхинчуметтехьсевциратхо. Амматханнакъосташна дика некъкарийра. Тхооцуновкъа д1адахара. Таьххьара а сада1а боккха 1ам болчохьсевциратхо. Ц1еххьана тхунахезирабердоьлхуш. Тходевддацигадахара.Жима ши йо1 тилаеллахиллера. Оха и шиъновкъаяьккхира.

**Грамматически т1едиллар**:

1.Пхоьалг1а предложении меженашцаталла. Дешнийнцхьанакхетаршсхьаязде.

2.Шолг1ачу предложенехькъамеландакъошбилгалдаха.

3. Схьаяздемукъазашалхаэлпашцхьананисделладешнаш.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**2. Талламанболх «1аьнан оьг1азло».**

Хи чуьрчу ч1ерашна т1едирзира 1а. Ж1ов етташсаннататанаш а деш, йоккхашело д1ах1оттира. Шелонотатолашна, 1аьмнашна т1еш техкира. Татолашна а, 1аьмнашна а шабира . Ч1ерий хи буха дахара. Шабинчу хи к1ел шийлаяцара.

1а адамашна т1едирзира. Йоккхашело д1ах1оьттира, не1арша а ,пенаша а татанаш а деш. Адамашапешашлатийра, довхачу ц1еношкахь 1аш бууьш 1аьнах бийла а буьйлуш. Кегийбераш а цакхоьру 1аьнах. Конькеша ,салазаш а хоьхку, лайн мижаргех а ловзу, лайн баба а йо, лайн баьрзнаш а до, хи а туху, шелоне а кхойкху:

-Г1о дан йола, шело !- бохуш.

(Халкъанбартакхолларалла).

**Грамматически т1едиллар.**

1. Хьалхара предложении меженашцаталла.
2. Йоьалг1ачу предложенехьдолчу ц1ердешнийн дожар ,легар, терахькъастаде.
3. Шайцадолчу ц1ердешнашца схьаязъекхоъ дешт1аьхье.
4. Фонетически талладош<u>шело</u>.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**3. Изложени «Шеран заманаш» (аг1о 43)**

**4. Талламан болх «Ши борз».**

Со вара новкъа вог1уш. Т1ехьа цхьа г1овг1а хезира сунна. Мохьхьоькхуш вверг жадажош волу цхьа жима к1ант вара. Иза вара, цхьанхьа д1ахьежош п1елг а болуш, арахулаведдавоьдуш.

Д1ахьаьжначу сунна гира:арахулаеддайоьдура ши борз: цхьаъ-йоккхий, важа-жимий.

Цергашцасхьалаьцна ког а болуш ,жимачобукъа т1ехь хьош 1ахар бара. Йоккханиг яра т1аьхьах1оьттина йоьдуш.

Суна берзалойма-гиннехь, со а жа1уьнца царна т1аьхьа ведира.Охашиммо а мохь бета болийра. Оха хьоькхумохь а хезна, шайца ж1аьлеш а долуш, нах баьхкира.

**Л. Толстой.**

**Грамматически т1едиллар**.

1. Шолг1а предложении меженашщаталла.
2. Х1оттамца талладош : жа1уьнца.
3. Схьаяздетерахьдешнаш.
4. Хьалхарчупредложенехьбилгалдахакъамеландакъош.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**5. Сочинени «1а»**
**6. Изложени «Ши накъост»**

**Шардар 209.** ДIаеша.

Ши накъост

Ши накъост хьуьна юккъехула дIавоьдуш, царна тIе ча Iоттаелира. Цхьаъ ведда дитта тIе велира. Важа ша волччу новкъахь висира. Кхин дан хIума а ца хилла, иза лаьтта охьавуьйжира, ша велла моттийта.

107

Ча, тIе а яхана, цунах хьожа яха юьйлира: вукхо са а ца доIура.

Цуьнан юьхьах хьожа а яьхна, иза велла моьттуш, ча дIаяхара.

Мацца а, ча дIаяхча, важа дитта тIера охьа а воьссина, велавелира:

— И хIун дара, — бохура цо, — хьуна лере а еана, чено аьлларг?

— Чено соьга бохура, кхерам болчу меттехь накъост дIа а тосуш довдуш долу адамаш вон адамаш ду.

*(Толстой Л.)*



## 7. Талламанболх «Лар толу ж1аьла»

Сан вашас Х1арона к1еза деара. Оха цунна ц1е тиллираТарзанаьлла. Соьцагуттар а ловзушхуьлура к1еза. Хи т1е лийчасо воьдушхилча, т1аьхьах1уттара иза.

Д1аоьхура хан. Тарзандоккхахилира. Цуьнанлергашира, дог1аделла дара. Изалар толу ж1аьла хиллера. Х1арона кест-кестахьунхахьталладуьгураТарзан. Х1инца, доккха а хилла, соьца к1езиг ловзуиза.

Т1едиллар:
1) Билгалдахакъамеландакъошхьалхарчупредложенехь.
2) Дешдакъошцадекъадешнаш: цунна,доккха, т1аьхьах1уттура

## 8. Талламанболх «Доттаг1алла»

Доттаг1 воцушстагмегарвац. Доттаг1 воцустаг, т1ам боцуолхазарсанна, ву. Доттаг1чунна тешаме хила веза.Доттаг1алла даггаралело деза.Доттаг1чух дагаволуш хила веза. Доттаг1чунна т1е халоеанаметтиг а 1оттаелла доттаг1 дешарна т1аьхьависча, цунна г1о дан деза. Ишттахилчий бен хьохбакъволудоттаг1 а хирвац.

Т1едиллар:
1) Кхоалг1а предложеникъамеландакъошцаталла.
2) Цхьаорам болу дешнашбилгалдахий, т1ехула дожарш х1иттаде.